



Ikigo kijejwe guhuza ibindi bigo ni iki?

Ikigo mpuzabigo (**MARC**) , ni ahantu hamwe rudende, “iduka rimwe” amashirahamwe ya leta n’ayabigenga ahurira hamwe kugira atange imfashanyo mu gihe c’ikiza.

Serevise za MARC zirimwo:

- Ahantu hakoreshwa nk’ikibanza c’ihuriro ku miryango, abagenzi n’abagize ikibano Gutanga ibikoresho ku bwinshi
- Ubufasha bwo kurondera inzu y’imfatakibanza
- Amakuru y’ukuntu uronka imfashanyo, inzira y’ukuntu bigenda no kwisunga izindi serevise
- Kuvura ibishibisho n’ifatiye ku marangamutima, co kimwe n’izindi serevise z’amagara n’izo amagara yo mu mutwe (ku bw’ikibano no kubw’abakozi ba MARC hamwe n’abakorerabushake)
- Kuronka interineti kugira ukoreshe ubutumwa ngurukanabumenyi, urubuga ngurukanabumenyi, hamwe n’uburyo vyo gusubira guhuza abanu nk’urubuga rw’ishirahamwe ry’umusaraba utukura ry’abanyamerika “Safe and Well”, rwashoboje abakozweko n’ikiza kwiwandikisha no kumenyeshya abagize imiryango uko bamerewe n’aho bari.

MARC yagenewe:

- ✓ Kunyarutsa gusubira mu buzima busanzwe
- ✓ Gutanga imfashanyo nziza, ikenewe mu kibanza kimwe rudende, “iduka rimwe”
- ✓ Kugabanya umwanya n’ikirere c’urugendo rukenewe ku bantu n’imiryango yakozweko n’ikiza kugira baronke imfashanyo inyuma y’ikiza
- ✓ Imfashanyo mu guhuza abagenzi n’imiryango
- ✓ Kugwiza ikoreshwa ry’uburyo rusangi no kwihutisha ubushobozi bw’amashirahamwe gutanga serevise mu:
 - gukuraho icifuzo co gutanguza ibibanza vyo gufasha vyokorwa n’amashirahamwe menshi
 - gufasha guhuza no guhanahana amakuru hagati y’amashirahamwe yitabiriye
- ✓ Gushoboza guhuza neza Leta n’amashirahamwe yigenga
- ✓ Gufasha urugendo rujana kunaguka mu gihe kirekire.